

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG SARAN

#### 5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil panalutikan, analisis data, jeung pedaran ngeunaan kamampuh ngaregepkeun dongéng ka siswa kelas VII-A SMP Negeri 5 Banjar taun ajaran 2016/2017 anu aya dina bab IV, bisa dicindekkeun jadi sababaraha hal ieu di handap.

- 1) Kamampuh ngaregepkeun dongéng siswa kelas VII-A SMP Negeri 5 Banjar taun ajaran 2016/2017 saméméh ngagunakeun modél pangajaran *Word Square* aya dina katégori can mampuh. Éta hal katitén tina rata-rata peunteun siswa dina *pretest* 49,68 can nyumponan KKM nu geus ditangtukeun nyaéta 75. Tina 32 siswa, aya 31 urang anu can mampuh ngaregepkeun dongéng, sedengkeun anu geus mampuhna ngan aya saurang.
- 2) Kamampuh ngaregepkeun dongéng siswa kelas VII-A SMP Negeri 5 Banjar taun ajaran 2016/2017 sabada ngagunakeun modél pangajaran *Word Square* aya dina katégori mampuh. Éta hal katitén tina rata-rata peunteun siswa dina *posttest* 76,25 geus nyumponan KKM nu geus ditangtukeun nyaéta 75. Tina 32 siswa, aya 19 urang anu mampuh ngaregepkeun dongéng, sedengkeun anu can mampuhna aya 13 urang.
- 3) Aya béda anu signifikan antara kamampuh ngaregepkeun dongéng siswa kelas VII-A SMP Negeri 5 Banjar taun ajaran 2016/2017 saméméh jeung sabada ngagunakeun modél pangajaran *Word Square*. Katitén tina ngaronjatna rata-rata peunteun dina *pretest* 49,68 jadi 76,25 dina *posttest* kalawan rata-rata béda hasil *pretest* jeung *posttest* 26,57. Hasil uji hipotésis nuduhkeun yén  $t_{itung} > t_{tabel}$  nyaéta  $8,41 > 2,71$ . Hartina hipotésis alternatif ( $H_a$ ) ditarima jeung hipotésis nol ( $H_o$ ) ditolak.  $H_a$  = aya béda anu signifikan kamampuh ngaregepkeun dongéng siswa kelas VII-A SMP Negeri 5 Banjar taun ajaran 2016/2017, antara saméméh jeung sabada ngagunakeun modél pangajaran *Word Square*.  $H_o$  = teu aya béda anu signifikan kamampuh ngaregepkeun dongéng siswa kelas VII-A SMP Negeri 5 Banjar taun ajaran 2016/2017,

antara saméméh jeung sabada ngagunakeun modél pangajaran *Word Square*. Jadi, modél pangajaran *word square* bisa ngaronjatkeun kamampuh ngaregepkeun dongéng siswa kelas VII-A SMP Negeri 5 Banjar taun ajaran 2016/2017.

## 5.2 Saran

Sanggeus dilaksanakeun panalungtikan ngagunakeun modél pangajaran *word square* dina pangajaran ngaregepkeun dongéng ka siswa kelas VII-A SMP Negeri 5 Banjar taun ajaran 2016/2017, aya sababaraha saran pikeun panalungtikan ngeunaan modél pangajaran *word square* ka hareupna.

- 1) Modél pangajaran *word square* kabukti bisa ngaronjatkeun pangajaran ngaregepkeun dongéng. Ku kituna, modél pangajaran *word square* bisa dijadikeun alternatif pikeun pangajaran ngaregepkeun hususna, ngaregepkeun dongéng. Dina pangajaran ngaregepkeun dongéng ngagunakeun modél pangajaran *word square*, diusahakeun guru leuwih kréatif jeung taliti deui dina nempatkeun kecap-kecap anu satuluyna dijieun dina wangun *word square*.
- 2) Ku lantaran ieu panalungtikan ngagunakeun kuasi ékspérimén, perlu diayakeun deui panalungtikan séjén lain ngan saukur di tingkat SMP, tapi di unggal jenjang sakola. Sangkan meunang kacindekan anu leuwih jembar sarta bisa digunakeun di sakabéh tingkat sakola.